

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar tur diébréhkeun kacindekan hasil panalungtikan kuasi ékspérimén perkara métodeu iqra dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang taun ajaran 2015/2016. Sanggeus dicindekkeun, diébréhkeun saran-saran nu patali jeung panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, ngeunaan pangaruh métode iqra dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda kana kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasundan Subang, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Métodeu iqra dina pangajaran maca aksara Sunda mangrupa salah sahiji métodeu pangajaran anu nekenkeun langsung kana latihan maca. Anapon buku panduan métode iqra aksara Sunda diwangun jadi 6 jilid. Jilid kahiji latihan maca aksara swara, jilid kadua latihan maca aksara ngalagena, jilid katilu latihan maca angka aksara Sunda, jilid kaopat maca kalimah anu ditulis dina aksara Sunda, jilid kalima maca sapragrap-saparagrah sempalan carita, jeung jilid kagenep latihan maca wacana anu ditulis dina aksara Sunda.
- 2) Kamampuh awal maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas X SMK Pasundan Subang saméméh ngagunakeun métodeu iqra can tuntas lantaran teu nyumponan KKM (KKM = 75). Dumasar kana aspék maca aksara Sunda dina kamampuh awal maca kagolong alon pisan, jumlah benerna kecap kagolong handap, dina makéna lentong nalika ngucapkeunana, sering salah dina artikulasi foném, jeung volumeu sora anu diucapkeunana kurang bedas. Dumasar kana aspék nulis aksara Sunda dina kamampuh awal nulis nya éta dina nulis aksara swara kagolong handap, nulis aksara

ngalagena jeung angka kagolong handap, dina ngalarapkeun rarangkenna kagolong handap, jumlah nulis kecap nu bener kagolong saeutik nu benerna, jeung nulis aksara Sundana kagolong rada rapih.

- 3) Kamampuh ahir maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas X SMK Pasundan Subang sabada maké métodeu iqra hasilna 33 siswa kagolong tuntas (92%), 3 siswa kagolong teu tuntas lantaran peunteunna kurang tina KKM (8%). Dumasar kana aspék macana, kamampuh ahir maca aksara Sunda siswa kelas X AK SMK Pasunda Subang kagolong gancang pisan, jumlah benerna kecap loba pisan anu benerna, lentong anu diucapkeun ku siswa euweuh kasalahan, artikulasi jelas jeung euweuh kasalahan, jeung volumeuna sorana bedas sanajan sakapeung mah aya launna. Dumasar aspék nulis aksara Sunda dina kamampuh ahir nulis aksara Sunda, nulis aksara swarana kagolong luhur, nulis aksara ngalagena jeung angkana kagolong luhur pisan, dina ngalarapkeun rarangkenna kagolong luhur, jumlah kecap bener nu ditulisna kagolong luhur, jeung nulis aksara Sundana kagolong geus rapih. Ngaronjatna kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa katitén tina kritéria aspék kamampuh awal jeung ahir maca jeung nulis aksara Sunda. Dumasar aspék maca dina kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra
- a. aspék waktu, nu asalna alon jadi gancang pisan. Hartina metodeu iqra bisa ngaronjatkeun kecepatan dina maca aksara Sunda;
 - b. aspék jumlah benerna kecap, nu asalna saeutik pisan nu benerna jadi loba pisan nu benerna. Hartina métodeu iqra bisa ngaronjatkeun benerna maca kecap-kecap leuwih loba;
 - c. aspék lentong, nu asalna sering ngalaman kasalahan dina makéna lentong nalika ngucapkeunana jadi lentong anu diucapkeun ku siswa euweuh kasalahan. Hartina métodeu iqra bisa ngaronjatkeun bener makéna lentong kalimah;
 - d. aspék artikulasi, nu asalna sering salah dina artikulasi foném jadi artikulasi anu dilafalkeun méh euweuh kasalahan. Hartina metodeu iqra bisa ngaronjatkeun benerna artikulasi dina maca aksara Sunda; jeung

e. aspék volumeu swara, nu asalna volumeu sora anu diucapkeunana kurang bedas jadi bedas sanajan sakapeung aya launna. Hartina, métodeu iqra bisa ngaronjatkeun kamampuh tarikna sora dina maca aksara Sunda.

Dumasar aspék nulis dina kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu iqra

a. aspék bener henteuna aksara swara, nu asalna saeutik nu benerna jadi loba pisan benerna. Hartina metodeu iqra bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara swara kalawan loba benerna;

b. aspék bener henteuna aksara ngalagena jeung angka, nu asalna saeutik benerna jadi loba pisan benerna. Hartina métodeu iqra bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara ngalagena jeung angka kalawan loba benerna;

c. aspék bener henteuna rarangkén, nu asalna saeutik benerna jadi loba benerna. Hartina métodeu iqra bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis rarangkén kalawan loba benerna;

d. aspék jumlah benerna kecap, nu asalna saeutik pisan benerna, jadi loba pisan benerna. Hartina métodeu iqra bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda kalawan loba benerna; jeung

e. aspék rapih henteuna nulis aksara Sunda, nu asalna rada rapih jadi rapih. Hartina métodeu iqra bisa ngaronjatkeun nulis aksara Sunda kalawan rapih.

4) Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké métodeu iqra. Hal ieu katitén tina hasil uji hipotésis kamampuh maca aksara Sunda anu nuduhkeun yén $t_{hitung} \geq t_{tabel}$ nya éta $29.76 \geq 2,03$ jeung katitén tina hasil uji hipotésis kamampuh nulis aksara Sunda anu nuduhkeun yén $t_{hitung} \geq t_{tabel}$ ($20,57 \geq 2,03$). Ieu hal nuduhkeun ayana pangaruh métodeu iqra dina pangajaran maca kana kamampuh nulis aksara Sunda.

Tina pedaran saméméhna bisa dicindekkeun yén métodeu iqra mangrupa salah sahiji métode anu bisa dilarapkeu dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda sangkan kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda siswa bisa lancar.

5.2 Saran

Sanggeus dilakukeun panalungtikan ngeunaan métodeu iqra dina pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda siswa kelas X SMK Pasundan Subang, aya sababaraha saran anu ditépikeun

- 1) Métodeu iqra bisa ngaronjatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda. Ku kituna, ieu metodeu téh bisa dijadikeun metodeu alternatif dina nepikeun pangajaran maca jeung nulis aksara Sunda.
- 2) Ku margi panalungtikan ieu ngan ukur di SMK, perlu ayana panalungtikan anu leuwih jembar.